

Sant Jistis Familyal NYC yo

Jwenn èd gratis epi ki konfidansyèl pou reskape vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks.

Vyolans Domestik • Vyolans anndan Fanmi • Abi sou moun Aje Vyolans nan relasyon • Asèlman • Vyolans Seksyèl • Trafik Moun

- Visite **Sant Jistis Familyal Vil New York** la nan misipalite kote ou abite a (oswa youn kote ou santi ou plis an sekirite) oswa rele nan 311 epi mande pou w antre an kontak ak FJC ki pi pre w la.
- Tout Sant yo ouvè soti Lendi pou rive Vandredi nan lè 9è nan maten jiska 5è nan apre midi pou moun vin pran sèvis an pèsòn oubyen a distans.
- Ou pa bezwen pran randevou. Gade nan do feyè a pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w kontakte nou.

Sant Jistis Familyal NYC yo ka ede ou ak:

- Planifikasyon pou sekirite ou.
- Sèvis sante mantal ak konsèy pou soutni byennèt emosyonèl pou oumenm ak pitit ou yo.
- Otonomizasyon ekonomik gras ak fòmasyon sou tout konsèp finansye ak tout akonpayman finansye pou pou ede w repara kredi w ak prepare bidjè w.
- Rankontre avèk responsab aplikasyon lalwa kalifye, tankou NYPD, Biwo Sherif NYC, ak Biwo Pwokirè Distri a.
- Fè aplikasyon pou w mande yonabri annijans epi verifye tout opsyon lojman ki genyen yo.
- Enfòmasyon sou avantaj piblik ak pwogram fòmasyon pou travay, sa gen ladan èd pou ekri CV ak teknik pou entèvyou.
- Konsiltasyon jiridik pou lòd pwoteksyon, gad, vizit, sipò timoun, divòs, lojman ak imigrasyon.
** Reprèzantasyon jiridik pa garanti
- Gadri pou timoun pandan ou ap resevwa sèvis sou plas.

Tout sèvis yo volontè. Ou ka chwazi sèvis ou vle yo.

Liy Dirèk pou Vyolans Domestik ak Atak Seksyèl nan Vil New York: 1-800-621-HOPE (4673)

24 trè sou 24, 7 jou sou 7, rele pou yo mete ou an kontak ak planifikasyon imedya pou sekirite, èd pou jwennabri, ak plis toujou.

Cache sèvis nan men founisè kominotè yo atravè Anyè Resous NYC HOPE la nan www.nyc.gov/NYCHOPE

Eskane kòd QR la anba a pou w ka konnen plis sou ENDGBV:



Sant Jistis Familyal NYC yo ofri èd gratis, èd konfidansyèl pou moun ki gen nenpòt:

Laj	Sitiyasyon ak Imigrasyon	Oryantasyon seksyèl	Revni	Lang li pale	Idantite Seksyèl	Moun ki Gen Andikap
-----	--------------------------	---------------------	-------	--------------	------------------	---------------------

Tanpri rele oswa vizite nenpòt Sant Jistis Familyal NYC soti Lendi pou rive Vandredi soti 9è nan maten pou rive 5è nan apre midi

Ou pa bezwen pran randevou.

Gen sèvis entèpretasyon ki disponib sou plas.



Manhattan Family Justice Center

80 Centre Street, 5th Floor
ki gen antre kote moun andikape ka pase san pwoblèm: (Moun ki sou chèz woulant ka vini nan 10 Hogan Place ki arebò kwen ki sou bò goch la lè yo pase nan 80 Centre Street la.)
New York, NY 10013
(212) 602-2800

nan Brooklyn Bridge-City Hall
nan Canal Street
Nan Chambers Street
M5, M9, M22, M103

Brooklyn Family Justice Center

350 Jay Street, 15th Floor
Brooklyn, NY 11201
(718) 250-5113
 nan Jay Street
nan Borough Hall
B25, B26, B38, B51, B54, B57 B61, B65, B67, B75

Queens Family Justice Center

126-02 82nd Avenue
Kew Gardens, NY 11415
(718) 575-4545
 nan Kew Gardens-Union Turnpike
Q10, Q37, Q46, Q60

Bronx Family Justice Center

198 E. 161st Street, 2nd Floor
Bronx, NY 10451
(718) 508-1220
 nan Yankee Stadium
BX1, BX2, BX6, BX13

Staten Island Family Justice Center

126 Stuyvesant Place
Staten Island, NY 10301
(718) 697-4300
 Staten Island Railroad pou ale nan St. George Ferry Terminal
S40, S42, S44, S46, S48, S51, S52, S61, S62, S66, S74, S76, S78, S81, S84, S86, S90, S91, S92, S94, S96, S98



Ou ka antre nan tout lokal WeCARE yo sou chèz woulant. Tanpri rele alavans pou w mande pou yo fè aranjman. Mèsi.